

GID AVANTAJ POU ANPLWAYE POU ANE 2025 LAN

BYENVINI NAN PWOGRAM AVANTAJ KONPLÈ OU A!

An 2025, Bentley University rete angaje pou ede oumenm ak fanmi ou atenn pi bon lasante ak byennèt ki posib. Nou kontan ofri yon pake avantaj konplè ak konpetitif ki ba ou fleksibilite pou fè chwa ki ap reponn pi byen avèk bezwen oumenm ak fanmi ou.

Nan gid sa a, ou pral aprann plis sou avantaj ou yo—ansanm ak zouti ki itil ou kapab itilize pou pran desizyon ki baze sou enfòmasyon. Nou ankouraje ou gade enfòmasyon sa yo byen.

Lè ou pare pou fè chwa avantaj ou yo, asire ou ou konekte sou Workday®.

Ale sou <https://flimp.live/Bentley-Benefits-Translations> oswa eskane kòd QR sa a **KOUNYEYA** pou gen aksè avèk Gid Avantaj sa a nan lang Anglè, Panyòl, Pòtigè, Fransè oswa Mawoken/Arab.



KONTNI

Kalifikasyon ak Enskripsyon	1
Plan Medikal	2
Plan Dantè	10
Plan Vizyon	11
FSA Swen Sante ak Swen Depandan	12
Resous Sipò pou Ou ak Fanmi Ou	13
Avantaj Volontè	14
Asirans Vi ak Andikap	16
Plan Retrèt 403(b) Bentley	17
Avantaj Konje nan Bentley	18
Lèt Avantaj nan Bentley	19
Kontak pou Avantaj Ou Yo	20

Kalifikasyon ak Enskripsyon

Kalifikasyon pou Avantaj

Anplwaye ki gen orè regilye pou travay yon minimòm 17 èdtan edmi pa semèn pandan omwen nèf mwa pa ane kalifye pou majorite avantaj Bentley University ofri yo epi yo rele yo anjeneral “anplwaye ki kalifye pou avantaj.” Gen kèk avantaj ki disponib pou pwofesè oksilyè yo, anplwaye sezonye ak tanporè ki sou pewòl Bentley. Tanpri ale sou www.bentley.edu/offices/human-resources/benefits pou enfòmasyon konplè yo.

Depandan Kalifye

Anjeneral, depandan ki kalifye yo gen ladan:

- Mari/madanm legal oswa patnè domestik
- Timoun depandan jiska 26 lane kèlkeswa estati kalifikasyon taks IRS, estati matrimonyal, estati etidyan oswa estati anplwa depandan an

Moun ou enskri a pral detèmine nivo kouvèti ou a pou Asirans Medikal, Dantè ak Vizyon:

- Anplwaye
- Anplwaye plis Mari/Madanm oswa Patnè Domestik
- Anplwaye plis Timoun
- Fanmi: Anplwaye, Mari/Madanm oswa Patnè Domestik, ak Timoun

Yo gendwa mande dokimantasyon legal pou konfime relasyon ak kalifikasyon yon depandan.

Enskri kòm yon Nouvo Anplwaye

Si ou nouvo nan Bentley University oswa si ou fèk ap chwazi avantaj, ou pral fè chwa ou yo sou Workday. Ou pral resevwa yon imèl avèk yon lyen pou enskri oswa ou kapab ale sou Workday apati **MyBentley**. Ou pral gen 30 jou apati dat rekritman ou a pou enskri.

Evènman Lavi ki Kalifye

Aprè premye peryòd kalifikasyon pou avantaj ou a, ou dwe rete tann jiska pwochen peryòd Enskripsyon Lib la pou chanje chwa ou yo, sèl si ou ta viv yon Evènman Lavi ki Kalifye, kote nan ka sa a w ap gen 30 jou pou enskri apati dat evènman ou an. Egzanp Evènman Lavi ki Kalifye gen ladan (men li pa limite a sa yo sèlman):

- Maryaj, divòs, nesans, adopsyon oswa lanmò
- Yon chanjman nan estati anplwa oumenm, mari/madanm oswa patnè domestik ou oswa depandan kalifye ou yo ki gen yon enpak sou kalifikasyon pou avantaj
- Yon pèt oswa yon gen nan kouvèti asirans swa oumenm, mari/madanm oswa patnè domestik ou oswa depandan kalifye ou yo ki gen yon enpak sou kalifikasyon pou avantaj
- Yon anplwaye oswa depandan kalifye vin pa depandan kalifye (pa egzanp, yon timoun ki rive 26 lane, laj maksimòm pou ou kouvri nan kad plan medikal, dantè oswa vizyon yo)

MyBenefitsApp Bentley

Gen aksè avèk avantaj Bentley ou yo nenpòt lè, nenpòt kote avèk nouvo sit enfòmasyon mobil **MyBenefitsApp** la! Kounyea, ou kapab jwenn detay sou plan, fòmilè yo, kat idantifikasyon yo ak anpil lòt bagay lè ou an depasman. Epitou, ou kapab rete okouran, konnen kisa ki kouvri nan kad plan espesifik ou yo epi chèche sèvis oswa enfòmasyon kontak.

Pi bon toujou, pa gen anyen pou telechaje oswa enstale. Jis eskane kòd QR la pou gen aksè ak **MyBenefitsApp** apati telefòn entelijan ou a.



Ajoute yon ikòn sou telefòn entelijan ou a pou yon aksè rapid

iPhone



Tape sou ikòn Share sou ba meni anba nan Safari a



Tape sou ikòn Add to home screen

Android

Tape ikòn sa a sou ba meni anwo a

Seleksyone: Add to Home Screen

Windows Phone

●●● Tape sou ikòn Share (Pataje) ki sou ba meni anba nan Safari a
Seleksyone: Pin to Start

Plan Medikal

HDHP ki genyen HSA

Plan Sante Franchiz Elve (High Deductible Health Plan, HDHP) a ofri prim ki pi ba yo an echanj pou yon franchiz ki pi wo. Plan an founi kouvèti pwofesyonèl swen sante ki nan rezo ak andeyò rezo a. Si ou se yon nouvo enskri ou pral resevwa yon kontribisyon pou Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA) ki soti nan men Bentley pou ede konpanse depans ki soti nan pòch ou yo, epi tout moun ki kontribye nan HSA a atravè dediksyon sou salè anvan taks pral resevwa kontribisyon dola-pou-dola nan men Bentley jiska sèten limit.

Best Buy HMO

Plan Òganizasyon Antretyen Sante (Health Maintenance Organization, HMO) Best Buy la ofri kouvèti gwo kalite avèk yon prim ki pi abòdab. Plan sa a gen ladan yon franchiz anyèl ak 10% ko-asirans sou kèk sèvis.

HMO

Plan HMO a ofri kouvèti gwo kalite avèk yon prim ki pi wo epi gen ladan yon franchiz.

KOUVÈTI POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON

Tout moun ki kouvri avèk plan medikal Bentley yo gen kouvèti pou medikaman sou preskripsyon atravè OptumRx®. Avèk OptumRX, ou kapab fè egzekite preskripsyon epi jwenn fason pou ekonomize sou medikaman ou yo. Pou verifye nan ki nivo preskripsyon ou a tonbe oswa pri yon medikaman, tanpri rele OptumRx nan 855-546-3439 oswa ale sou www.optumrx.com.

Ou vle ekonomize lajan sou medikaman ou yo? Mande doktè ou a preskri ekivalan jenerik medikaman an depi sa posib. Epi pou medikaman ou pran regilyèman, gade pou ta sèvi avèk opsyon ki pi bon mache yo oswa sèvis kòmann pa lapòs pou ekonomize lajan.



Kisa ki yon HSA?

Yon HSA se yon kont epay (ki se pwopriyete ou) ki pèmèt ou mete lajan sou kote anvan taks pou peye pou depans swen sante nan moman an oswa alavni pou oumenm ak depandan w ki kalifye yo. Se Sentinel Group ki jere HSA a.

Kiyès ki kontribye?

Bentley pral fè yon kontribisyon alavans sou kont nouvo enskri yo epi ou kapab fè kontribisyon adisyonèl, jiska limit IRS yo. Bentley pral bay dola-pou-dola pou kontribisyon sou salè ou yo, jiska yon maksimòm, jan sa eksplike nan tablo pi ba yo. Yo repòte lajan ki sou HSA w la chak ane, sa ki pèmèt ou ekonomize pou depans swen sante alavni yo, sa gen ladan pou retrèt. Li pòtab (ou ka pran li avèk ou) tou si jamé w ap kite Bentley.

Si ou enskri nan HDHP avèk HSA pou premye fwa an 2025

Bentley kontribye nan de (2) fason:			
Otomatik (pou nouvo enskri yo sèlman)	Ou kontribye	Dola-pou-dola (pou tout moun ki kontribye atravè salè)	Jiska limit IRS yo
Endivid: \$250 (Bentley fè depo sou kont ou 1ye jan. oswa apre selon dat enskripsyon nan plan)	Endivid: Jiska \$3,550	Endivid: Jiska \$500 (Pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè yo, Bentley ap mete dola-pou-dola pou \$1 jiska \$500)	Endivid: \$4,300 (\$5,300 si ou gen 55 lane oswa plis)
Fanmi: \$500 (Bentley fè depo sou kont ou 1ye jan. oswa apre selon dat enskripsyon nan plan)	Fanmi: Jiska \$7,050	Fanmi: Jiska \$1,000 (Pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè yo, Bentley ap mete dola-pou-dola pou \$1 jiska \$1,000)	Fanmi: \$8,550 (\$9,550 si ou gen 55 lane oswa plis)

Si ou gen yon HSA avèk Bentley nan moman an

Ou kontribye	Dola-pou--dola Bentley	Jiska limit IRS yo
Endivid: Jiska \$3,800	Endivid: Jiska \$500 (Pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè yo, Bentley ap mete dola-pou-dola pou \$1 jiska \$500)	Endivid: \$4,300 (\$5,300 si ou gen 55 lane oswa plis)
Fanmi: Jiska \$7,550	Fanmi: Jiska \$1,000 (Pou chak \$1 ou ekonomize atravè kontribisyon salè yo, Bentley ap mete dola-pou-dola pou \$1 jiska \$1,000)	Fanmi: \$8,550 (\$9,550 si ou gen 55 lane oswa plis)

Pwogram Ranbousman Fòm Fizik ak Byennèt

Si ou enskri nan yon plan medikal Bentley, oumenm ak yon manm fanmi ou a ki kouvri anplis, nou chak nou kalifye pou yon ranbousman fòm fizik ak byennèt pou sèten abònman ak ekipman. Ale sou harvardpilgrim.org/myoptions/bentley-university pou plis enfòmasyon.

Zouti ak resous pou swen sante

Zouti ak resous HPHC

Ale sou harvardpilgrim.org/myoptions/bentley-university/ pou gen aksè avèk zouti ak resous annapre yo:

- Enfòmasyon sou plan manm lan ak aksè fasil avèk kat idantifikasyon epi enfòmasyon sou kont
- Mesaj ak alèt pèsonalize
- Fason pou swiv franchiz ak depans ki soti nan pòch
- Aksè fasil avèk reklamasyon resan ak detay reklamasyon
- Enfòmasyon ak fòm sou fòm fizik ak byennèt

Vizit vityèl avèk Doktè sou Demann


Pale avèk yon doktè sètifye fasafas nan telefòn, sou tablèt oswa òdinatè ou, 24 sou 24, 7 jou pa semèn, pou fè sa ale sou doctorondemand.com. Menm jan ak pandan yon vizit anpèsòn, doktè a pral pran istorik ak sentòm ou yo epi fè yon egzamen, epi li gendwa rekòmande tretman—tankou preskripsyon ak egzamen laboratwa. Telesante se yon opsyon pratik pou swen ki pa ijan lè swen anpèsòn lan pa disponib oswa pa aksesib fasilman. Asire ou pou telechaje aplikasyon an epi anrejistre anvan ou bezwen li!



Sèvis Defans Medicare

Y ap lanse pwogram Sèvis Kalifikasyon Brown & Brown sa a an 2025, li gratis pou tout anplwaye ak manm fanmi Bentley yo ki swa prèske elijib pou yo jwenn Medicare oswa ki elijib deja. Ou kapab jwenn direktiv pèsonalize nan men defansè Medicare yo pou konprann kijan Medicare fonksyone, evalye opsyon kouvèti sante ki disponib pou ou yo, epi santi ou gen konfyans nan chwa ou yo.

Ou kapab kontakte Sèvis Kalifikasyon Brown & Brown lan nan 833-830-2386 oswa pa imèl nan medicareeligibility@bbabsence.com pou genyen aksè avèk sèvis yo.



Ou enskri nan Medicare?

Si ou enskri nan Medicare Pati A oswa B, ou pa p kapab kontribye oswa resevwa kontribisyon nan yon HSA. **Tanpri remake:** Si ou gen yon HSA, oumenm ak mari/madanm oswa patnè domestik ou a (si sa aplikab) pa kalifye pou kontribye nan yon FSA. Anplis de sa, si ou sèvi avèk HSA ou a pou depans ki pa kalifye, sonje ou pral dwe taks sou retrè sa yo.

Konpare opsyon ou yo

Pwovizyon pou Plan	HDHP ki genyen HSA		Best Buy HMO	HMO
	Nan rezo a	Andeyò rezo a		
Kontribisyon HSA Bentley	Premye ane: \$250 Endividi / \$500 Fanmi Chak ane: Dola-pou-dola jiska \$500 Endividi / \$1,000 Fanmi* ou ap ekonomize atravè kontribisyon sou salè		Okenn	Okenn
Franchiz anyèl	\$2,000 Endividi \$4,000 Fanmi*	\$4,000 Endividi \$8,000 Fanmi*	\$1,000 Endividi \$2,000 Fanmi*±	\$250 Endividi \$500 Fanmi*±
Maksimòm lajan ki soti nan pòch	\$4,000 Endividi \$8,000 Fanmi**	\$6,000 Endividi \$12,000 Fanmi**	\$2,000 Endividi \$4,000 Fanmi*±	\$2,000 Endividi \$4,000 Fanmi**
Ko-asirans	10% apre franchiz	30% apre franchiz	10% apre franchiz	Okenn
Vizit nan klinik (medsen jeneralis oswa espesyalis)	10% apre franchiz	30% apre franchiz	\$25 kopeman	\$25 kopeman
Chiriji pasyan entènè/ki pa entènè	10% apre franchiz	30% apre franchiz	10% apre franchiz	Franchiz, apres a \$250/\$150 kopeman
Sal dijans	10% apre franchiz		\$150 kopeman	\$150 kopeman
Kopeman medikaman sou preskripsyon (andetay/ kòmman lapòs)	\$15/\$30/\$50 \$30/\$60/\$100 Apre franchiz**		\$15/\$30/\$50 \$30/\$60/\$100	\$15/\$30/\$50 \$30/\$60/\$100

* Fanmi vle di tout nivo ki kouvri anplwaye a ak omwen yon depandan.

± Chak manm ki kouvri kapab fè depans sou montan endividiyèl la, montan anplis pa p konte nan montan fanmi an.

** Remake: Si ou enskri nan HDHP an, medikaman sou preskripsyon yo pa kouvri toutotan ou pa atenn franchiz ou a. Sa vle di ou pral peye 100% kou nenpòt medikaman sou preskripsyon (a to kontraktiyèl la) jiskaske ou atenn franchiz ou a, epi apres a ou pral kòmanse peye kopeman yo selon nivo preskripsyon ou a.

Yon apwòch entegre nan sante konpòtmantal

Nan kad angajman kontini Bentley pou prizanchaj global moun, yo entegre sèvis sante konpòtmantal nan Swen Sante Harvard Pilgrim lan. Ekip Harvard Pilgrim yo, ki gen ladan klinisyen ki wotman kalifye, navigatè sèvis ak pwofesyonèl nan sèvis pou manm, ap kowòdone ak pèsonalize sèvis sante konpòtmantal yo pou ou ak manm fanmi ou ki kouvri.

Yo ka ede ou jwenn pwofesyonèl swen sante epi jwenn randevou atan nan zafè sante konpòtmantal, aprann plis sou zouti ak sèvis inovan pou sipòte bezwen ou yo, navige atravè sistèm konplèks swen sante a epi mete ou an kontak avèk sipò ak pwogram Harvard Pilgrim yo.

Yon sèl apèl nan telefòn kont pou jwenn èd. Pou jwenn èd pou gen aksè avèk pwogram ak sèvis inovan sa yo, tanpri rele nimewo ki deyè kat idantifikasyon ou an. Si ou nan yon gwo pwoblèm oswa yon ijans, ou ta dwe toujou rele 911 oswa ale nan etablisman ijans ki pi pre a menm lè a.

Ki plan ki bon pou ou?

Menmsi pèsòn pa konnen pou sèten ki bezwen swen sante li ka genyen alavni, nan gade sèlman itilizasyon plan medikal nan moman an, li posib pou jwenn yon estimasyon depans alavni yo. Pou aprann plis sou kijan anplwaye ki gen diferan bezwen medikal ta ka chwazi plan medikal yo a, tanpri gade egzanp annapre yo ki tout sèvi avèk yon estati anplwaye aplentan. Chwazi avantaj se yon desizyon pèsònèl epi repons la pral diferan pou chak moun!

Senaryo 1: Jin

Jin se yon selibatè. Li panse li ap gen kèk ti depans medikal pandan ane ki ap vini an, sa gen ladan kèk seyans sante mantal san li pa entènè pou ede li jwenn bon ekilib ant lavi pwofesyonèl li ak lavi pèsònèl li.

Nivo Kouvèti Endividyèl	HDHP avèk HSA	Best Buy HMO	HMO
Kontribisyon Anyèl sou Salè: Aplentan	\$617	\$1,367	\$3,735
1 Vizit Woutin	\$0	\$0	\$0
6 Vizit kay Pwofesyonèl Swen Sante Mantal	\$960	\$150	\$150
1 Vizit Woutin (Pa Prevantif)	\$125	\$25	\$25
3 Preskripsyon Jenerik (Rezèv pou 1 Mwa)	\$120	\$45	\$45
Total Kou ki Soti nan Pòch pou Sèvis Swen Sante	\$1,822	\$1,587	\$3,955
Kont Finansman HSA Bentley	(\$500)	\$0	\$0
Kou Total Anyèl Jin pou 2025	\$1,322	\$1,587	\$3,955

Remake: Tout kou yo fèt sou baz swen ki bay nan rezo.



Senaryo 2: Rohan

Rohan kouvri limenm ak patnè li a nan kad plan medikal li a. Limenm ak patnè li a panse yo ka gen depans medikal modere ane sa a, sa gen ladan yon chiriji atwoskopik nan jenou, ansanm avèk medikaman ak swivi operasyon sa a ap mande.

Nivo Kouvèti Endividi + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	HDHP avèk HSA	Best Buy HMO	HMO
Kontribisyon Anyèl sou Salè: Aplentan	\$1,759	\$3,895	\$10,644
2 Vizit Swen Prevanitif	\$0	\$0	\$0
1 Chiriji san Pasyan pa Entènè <i>Rohan</i>	\$4,000	\$2,000	\$400
12 Randevou Fizyoterapi <i>Rohan</i>	\$0	\$0	\$0
1 Preskripsyon Antretyen Jenerik (chak Rezèv 12 Mwa Pa Lapòs) <i>Patnè Rohan an</i>	\$120	\$120	\$120
2 Vizit Woutin (Pa Prevanitif) <i>Patnè Rohan an</i>	\$25	\$50	\$50
Total Kou ki Soti nan Pòch pou Sèvis Swen Sante	\$5,904	\$6,065	\$11,214
Kont Finansman HSA Bentley	(\$1,000)	\$0	\$0
Kou Total Anyèl Rohan pou 2025	\$4,904	\$6,065	\$11,214

Remake: Tout kou yo fèt sou baz swen ki bay nan rezò.



Senaryo 3: Margherita

Margherita kouvri limenm ak de (2) pitit li yo nan kad plan medikal li a. Li panse yo ap gen gwo depans medikal nan ane ki ap vini a, sa gen ladan yon chiriji pwograme san pasyan an pa entènè ki ap mande fizyoterapi apres, epi sèvis sante mantal pou pi gran pitit gason li an.

Nivo Kouvèti Fanmi	HDHP avèk HSA	Best Buy HMO	HMO
Kontribisyon Anyèl sou Salè: Aplentan	\$1,853	\$4,100	\$11,205
4 Vizit Swen Prevantif	\$0	\$0	\$0
1 Sejou nan Lopital	\$4,000	\$2,000	\$500
3 Preskripsyon Antretyen Jenerik (chak Rezèv 12 Mwa Pa Lapòs) <i>3 pou Margherita</i>	\$0	\$0	\$360
2 Preskripsyon Mak Prefere (Rezèv 1 Mwa) <i>1 pou Margherita, 1 pou pitit gason Margherita a</i>	\$60	\$60	\$60
2 Vizit nan Swen Ijans <i>2 pou Margherita</i>	\$35	\$50	\$50
Total Kou ki Soti nan Pòch pou Sèvis Swen Sante	\$5,948	\$6,210	\$12,175
Kont Finansman HSA Bentley	(\$1,000)	\$0	\$0
Kou Total Anyèl Margherita pou 2025	\$4,948	\$6,210	\$12,175

Remake: Tout kou yo fèt sou baz swen ki bay nan rezo.



Ou vle depans total la?

Senaryo sa yo bay egzanp kou nan pwen sèvis sante ak prim anyèl yo. Pou jere tout kou ki soti nan pòch ou yo, ou dwe gade tout lajan ou kontribye nan kont ki bon pou taks, tankou yon FSA oswa yon HSA.

To 2025 ou yo (anplwaye aplentan)

Pou ankouraje ou pran pi bon desizyon pou oumenm ak fanmi ou, Bentley ap kontribye apeprè menm montan dola pou chak nan opsyon plan sante yo.

Plan Medikal

	Kontribisyon Anplwaye chak 2 semèn*	Kontribisyon Bentley chak 2 semèn*	Kontribisyon Anplwaye pa mwa	Kontribisyon Bentley pa mwa	Pousantaj kontribisyon Bentley
HDHP ki genyen HSA					
Anplwaye	\$25.72	\$329.73	\$51.44	\$659.46	93%
Anplwaye + Timoun	\$56.61	\$725.40	\$113.22	\$1,450.80	93%
Anplwaye + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	\$73.30	\$939.74	\$146.60	\$1,879.48	93%
Anplwaye + Fanmi	\$77.19	\$989.19	\$154.38	\$1,978.38	93%
Best Buy HMO					
Anplwaye	\$56.95	\$329.73	\$113.90	\$659.46	85%
Anplwaye + Timoun	\$125.29	\$725.40	\$250.58	\$1,450.80	85%
Anplwaye + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	\$162.29	\$939.74	\$324.58	\$1,879.48	85%
Anplwaye + Fanmi	\$170.85	\$989.19	\$341.70	\$1,978.38	85%
HMO					
Anplwaye	\$155.63	\$329.73	\$311.26	\$659.46	68%
Anplwaye + Timoun	\$342.39	\$725.40	\$684.78	\$1,450.80	68%
Anplwaye + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	\$443.52	\$939.74	\$887.04	\$1,879.48	68%
Anplwaye + Fanmi	\$466.88	\$989.19	\$933.76	\$1,978.38	68%

Ou pa p travay aplentan? Ale sou paj Avantaj sou sit entènèt Bentley a pou wè to ou yo.

* Yo pral pran 24 dediksyon sou salè pandan ane kalandriye a pou anplwaye de (2) fwa pa mwa yo.

Plan Dantè

Bentley pral kontinye ofri de (2) opsyon plan dantè atravè Delta Dental PPO Plus Premier: Plan Elve a ak Plan Estanda a.

Pwovizyon pou Plan Dantè	Plan Elve	Plan Estanda
Franchiz (Endividi/Fanmi)	\$50/\$150	\$50/\$150
Sèvis Prevantif/dyagnostik	100%	100%
Reparasyon	80%	80%
Reparasyon enpòtan	50%	50%
Òtodonti (adilt ak timoun)	100%	Pa kouvri
Òtodonti maksimòm (tout lavi)	\$2,000	Pa kouvri
Maksimòm pou ane kalandriye	\$2,000	\$1,500

To 2025 ou yo (anplwaye aplentan)

	Kontribisyon Anplwaye chak 2 semèn*	Kontribisyon Bentley chak 2 semèn*	Kontribisyon anplwaye pa mwa	Kontribisyon Bentley pa mwa	Pousantaj kontribisyon Bentley
Plan Elve					
Anplwaye	\$13.17	\$14.09	\$26.34	\$28.18	52%
Anplwaye + Timoun	\$28.97	\$31.01	\$57.94	\$62.02	52%
Anplwaye + Mari/ Madanm oswa Patnè Domestik	\$37.54	\$40.16	\$75.08	\$80.32	52%
Anplwaye + Fanmi	\$39.52	\$42.27	\$79.04	\$84.54	52%
Plan Estanda					
Anplwaye	\$10.51	\$14.09	\$21.02	\$28.18	57%
Anplwaye + Timoun	\$23.11	\$31.01	\$46.22	\$62.02	57%
Anplwaye + Mari/ Madanm oswa Patnè Domestik	\$29.94	\$40.16	\$59.88	\$80.32	57%
Anplwaye + Fanmi	\$31.52	\$42.27	\$63.04	\$84.54	57%

* Yo pral pran 24 dediksyon sou salè pandan ane kalandriye a pou anlwaye de (2) fwa pa mwa yo.

Plan Vizyon

Kouvèti pou vizyon 2025 ou an atravè EyeMed Vision Care pral rete menm lan. Kouvèti a gen ladan egzamen zye, linèt ak lantiy kontak.

Sèvis	Kou pou manm nan rezo	Ranbousman pou deyò rezo
Egzamen (avèk dilatasyon)	\$10 kopeman	Jiska \$57
Eseyaj lantiy kontak estanda ak swivi	Jiska \$40	Pa aplikab
Eseyaj lantiy kontak siperyè ak swivi	10% rabè sou vant	Pa aplikab
Monti	\$0 kopeman; \$130 alokasyon (20% rabè sou pri vant ki plis pase \$130)	Jiska \$104
Vè plastik	\$25 kopeman pou majorite	Li varye selon vè yo (soti jiska \$47 rive jiska \$140)
Lantiy kontak	\$130 alokasyon sèl si li nesèsè pou rezon, nan ka sa a yo ap peye total la	Li varye selon vè yo (soti jiska \$104 rive jiska \$300)
LASIK oswa PRK	15% rabè sou pri vant oswa 5% rabè sou pri pwomosyonèl	Pa aplikab

To 2025 ou yo (anplwaye aplentan)

	Kontribisyon Anplwaye de (2) fwa pa semèn*	Kontribisyon Anplwaye pa mwa
Anplwaye	\$2.62	\$5.24
Anplwaye + Timoun	\$5.75	\$11.50
Anplwaye + Mari/Madanm oswa Patnè Domestik	\$7.45	\$14.90
Anplwaye + Fanmi	\$7.85	\$15.70

* Yo pral pran 24 dediksyon sou salè pandan ane kalandriye a pou anplwaye de (2) fwa pa mwa yo.

Freedom Pass pou Vizyon

Ou kapab chwazi nenpòt monti ki disponib nan Target® Optical pou \$0 depans ki soti nan pòch—kèlkeswa pri nan pwen vant orijinal la. Pa egzannp, si ou achte yon monti ki vann \$180, depans ki soti nan pòch ou a ap toujou \$0—menm si ou gen yon alokasyon pou monti \$130. Sa reprezante yon valè \$50! Anplis, ou gen ekonomi anplis sou vè yo atravè avantaj vizyon EyeMed ou a.

FSA Swen Sante ak Swen Depandan

Ou kapab kontribye nan Kont Depans Fleksib (Flexible Spending Account, FSA) ou a anvan “yo pran taks sou chèk salè ou, konsa li ap diminye revni taksab ou. Avèk yon kat debi pratik FSA, ou kapab peye byen vit pou depans ki kalifye yo.

- **FSA Swen Sante:** Yo sèvi avèk li pou depans kalifye ki soti nan pòch pou swen medikal, dantè ak vizyon pou oumenm ak depandan kalifye ou a (yo).

Remake: Patisipan ki enskri nan HDHP avèk HSA a pa kalifye pou fè ekonomi atravè yon FSA Swen Sante.

- **FSA Swen Depandan:** Yo sèvi avèk li pou depans kalifye pou swen yon timoun depandan ki gen mwens pase 13 lane oswa yon adilt depandan ki andikape. Kèk depans kalifye gen ladan pwogram kalifye preskolè, avan ak apre lekòl, ak swen lajounen pou timoun oswa granmoun aje. Tanpri remake depans swen sante depandan yo pa kalifye pou ranbousman avèk kont sa a, depans sa yo gendwa kouvri avèk yon FSA Swen Sante.

Limit FSA pou 2025

Swen Sante

\$3,300
oswa limit IRS la

Swen Depandan

\$5,000
(\$2,500 si ou
marye epi soumèt
separeman)

Depans FSA Swen Sante ki Kalifye

Pi ba a gen yon lis pasyèl depans FSA Swen Sante ki kalifye. Pou yon lis konplè, ale sou sit entènèt IRS la.

- | | | |
|--|---|-------------------------------|
| ■ Akiponkti | ■ Tretman pou adiksyon avèk dwòg | ■ Ègoterapi |
| ■ Tretman pou alkolis | ■ Kit ijans medikal | ■ Vizit nan klinik |
| ■ Sèvis anbilans | ■ Egzamen zye ak linèt | ■ Òtodonti |
| ■ Aparèy òtopedik | ■ Tretman kont fètilite | ■ Sipò òtopedik ak chirijikal |
| ■ Pansman | ■ Vaksen kont lagrip | ■ Oksijèn |
| ■ Planin | ■ Aparèy pou tandè ak batri | ■ Fizyoterapi |
| ■ Tansyomèt | ■ Frè lopital | ■ Preskripsyon |
| ■ Ponp pou tire lèt | ■ Vaksen | ■ Pwotèz |
| ■ Swen kiwopatik | ■ Pwodwi pou enkontinans | ■ Swen/terapi sikyatrik |
| ■ Kit tès kolestewòl | ■ Frè laboratwa | ■ Linèt pou lekti |
| ■ Lantiy kontak ak solisyon netwayan | ■ Lasik | ■ Sispenn fimen |
| ■ Kopeman | ■ Tretman pou andikap nan aprantisaj | ■ Òtofooni |
| ■ Aparèy CPAP | ■ Masoterapi | ■ Vazektomi |
| ■ Bekiy/baton (kàn)/deyanbilatè (wòkè) | ■ Kopeman oswa ko-asirans medikal | ■ Swen vizyon |
| ■ Swen dantè | ■ Aparèy pou siveyans ak lòt aparèy medikal | ■ Chèz woulant |
| ■ Aparèy ak materyèl dyabetik | | ■ Radyografi |

Resous Adisyonèl sou HSA ak FSA

- **Magazen FSA ak HSA:** Anplwaye Bentley ki enskri nan yon FSA oswa HSA kounyeya gen aksè avèk [Magazen FSA](#) ak [Magazen HSA](#). Vandè sou entènèt sa yo bay yon mwayen pou achte pwodwi ki kalifye nan FSA ak HSA yo. Tout anplwaye Bentley yo gen \$5 rabè sou yon acha nan Magazen FSA oswa HSA lè yo sèvi avèk kòd **TAKE5D**. Epi pou li fasil pou sèvi, asire ou ou sèvi avèk Kat Avantaj Sentinel Group ou a lè w ap peye!
- **Ankouraje Ekoloji:** Sentinel Group ap soti nan sèvi avèk fòm reklamasyon papye yo pou FSA yo. Si nan moman an w ap sèvi avèk opsyon pou konplete reklamasyon sou papye, tankou pa lapòs oswa faks, li pral enpòtan pou abitye tèt ou avèk lòt opsyon tankou sèvi avèk Kat Avantaj Sentinel Group la, [soumisyon reklamasyon sou entènèt](#), ak [aplikasyon mobil](#).

- **Kat Debi Mobil:** Kounyeya ou kapab ajoute Kat Avantaj Sentinel Group ou a sou [pòtfèy mobil](#) ou a! Depi ou ajoute li, ou kapab fè peman dirèkteman apati telefòn ou a san ou pa bezwen yon kat fizik. Sentinel ap chanje tou aparans Kat Avantaj la. Si ou resevwa yon kat pou premye fwa oswa resevwa yon nouvo je kat poutèt li te ekspire, ou pral resevwa nouvo vèsyon kat la. Si kat ou yo pa pral ekspire byento, ansyen vèsyon kat la ap toujou mache jiskaske li rive nan pwen kote li ekspire.



Resous Sipò pou Ou ak Fanmi Ou

Pwogram Asistans pou Anplwaye (Employee Assistance Program, EAP)

Bentley founi yon EAP konfidansyèl atravè KGA, Inc. pou anplwaye yo ak manm nan fanmi yo. Twa premye sesyon yo gratis pou ou. Pwogram lan gen ladan konsèy akoutèm ak sipò sou sijè tankou byennèt emosyonèl, pwoblèm finansye, pwoblèm jiridik, sèvis adiksyon ak retablisman, wòl paran ak lòt pwoblèm ki gen rapò avèk fanmi. Pou plis enfòmasyon ak pou gen aksè avèk sèvis konfidansyèl yo, rele 800-648-9557.

Defansè nan domèn Sante

Defansè nan domèn Sante a gen anplwaye ki se **enfimyè otorize ki pale de (2) lang** ki kapab ede avèk estimasyon kou asirans, reklamasyon ak apèl, jwenn bon doktè yo, pran randevou, konprann tès, tretman, medikaman yo ak plis toujou. Defansè Sante an kapab ede ou tou nan pwosesis chwa plan ou a. Pou plis enfòmasyon, **epi pou mande èd nan yon lang diferan**, ale sou [healthadvocate.com](https://www.healthadvocate.com) oswa rele nan 866-695-8622.

Diabetes Care Rewards

Pwogram Diabetes Care Rewards ke Abacus Health Solutions founi a pral ranplase Pwogram Jesyon Dyabèt OptumRx® a (ak nenpòt manm ki nan Livongo toujou) apati 1ye janvyè 2025.

Pwogram Diabetes Care Rewards la gratis pou nenpòt anplwaye, mari/madanm oswa depandan ki enskri nan yon plan medikal Bentley ki gen nenpòt tip dyabèt (ladan pre-dyabèt). Pwogram lan bay sipò pandan tout ane a, ladan konsèy ak sèvis jesyon swen pou gide ou nan chemen lasante ou a, pou ede ou amelyore sante ou epi diminye risk pou gen maladi kè ak estwok.

Ou kapab genyen tou \$0 kopeman sou medikaman ak materyèl pou dyabèt ki kouvri, pou fè sa travay avèk yon Edikasyon pou Dyabèt pou kreye pwòp Gid Swen pèsònèl Diabetes Health Action Plan® ou a.

KnovaSolutions

KnovaSolutions se yon sèvis sipò pou desizyon klinik volontè gratis ki bay èd pou endividi ak fanmi ki gen bezwen sante ki konplèks ki depase yon pwoblèm sante espesifik. KnovaSolutions ofri sèvis a chak manm fanmi moun ki enskri a. Sèvis yo disponib nan telefòn, pa imèl ak sou aplikasyon mobil la. Ekip KnovaSolutions an gen ladan enfimyè pèsònèl, famasyon ak yon bibliyotèk pou rechèch, epitou edikasyon pou dyabèt ki sètifye. Ekip la konsantre sou sante global ou epi ba ou swen ekspè pou amelyore sante ou nan yon sistèm sipò ki trè konfidansyèl. KnovaSolutions pral kontakte ou dirèkteman pou kòmanse sipò lè sa nesèsè si oumenm oswa yon manm fanmi ou kalifye.

Avantaj Volontè

Sipò pou Responsab Swen avèk Care.com®



Bentley ap bay **aksè gratis** avèk pòtay otonòm Care.com la pou ou kapab gen aksè avèk responsab swen pou bezwen fanmi ou yo, sa gen ladan swen timoun, gadri, kou patikilye ak swen pou granmoun aje. Pou kapab kòmanse ale sou care.com/yourbenefits epi chèche Bentley University. Apresa rantrè adrès email Bentley ou a pou gen aksè avèk tout zouti ak resous ki disponib yo.

Si ou deja gen yon kont, ou kapab fè li fè yon sèl avèk nouvo kont Bentley ou a epi resevwa yon ranbousman pou nenpòt abònman w ap peye pou li nan moman an. Pou kesyon, ou kapab rele nan 855-781-1303 oswa voye imèl nan careteam@care.com.

Plan Jiridik Hyatt



Plan Jiridik Hyatt la bay oumenm, mari/madanm oswa patnè domestik ou a ak timoun depandan ou a (yo) kouvèti konplè pou sèvis jiridik avèk avoka ki gen eksperyans nan planifikasyon siksesyon, pwosè sivil, adopsyon ak plis toujou. Ou pa pral gen okenn franchiz, kopeman, fòm reklamasyon oswa limit nan itilizasyon lè ou sèvi avèk youn nan 14,000 avoka rezo a. Oswa ou kapab chwazi yon avoka ki andeyò rezo a epi y ap ranbouse ou sèvis ki kouvri yo (w ap peye nenpòt diferans ant peman plan an ak frè avoka a pou sèvis yo).

To: Hyatt Legal

\$18.00/mwa

Plan Pwoteksyon Idantite



Gen lapè nan tèt ou epi pwoteje ou kont vyolyasyon konfidansyalite ak fwod gras ak Pwoteksyon Idantite Allstate. Plan an founi siveyans konplè idantite, alèt pwo-aktif ak sèvis konplè restorasyon si yo vòlè idantite ou. Si ou enterese pwofite avantaj pwogram sa a, ou dwe enskri aktivman pandan Enskripsyon Lib la oswa kòm yon nouvo anplwaye epi chwazi kouvèti pou oumenm, oswa pou oumenm ak fanmi ou.

To: Pwoteksyon Idantite Allstate

\$9.95/mwa — Endividu • \$17.95/mwa — Fanmi

Asirans Aksidan



Asirans Aksidan ba ou yon pwoteksyon anplis nan ka yon aksidan ki kouvri. Asirans Aksidan an vin anplis plan medikal primè ou a, pou fè sa li bay avantaj lajan—yo peye ou dirèkteman—nan ka blesi akòz aksidan. Ou kapab sèvi avèk kòb sa a pou ede peye pou depans medikal ki pa kouvri yo, tankou franchiz oswa ko-asirans ou a, oswa pou depans kouran lavi, tankou ipotèk oswa lwaye ou. Prim Asirans Aksidan yo peye sou yon baz apre taks.

To: Aksidan Pèsonèl MetLife

\$4.64/mwa — Endividu • \$11.52/mwa — Fanmi

Swit Avantaj Volontè

Asirans pou Maladi Grav



Lè yon maladi grav frape, Asirans Maladi Grav la kapab bay sipò finansye pou ede ou nan yon moman difisil. Li pwoteje ou kont enpak finansye sèten maladi grav. Ou resevwa peman yon lajan fòfètè yo peye ou dirèkteman apre dyagnostik la. Ou kapab sèvi avèk lajan an pou kouvri depans ki soti nan pòch pou tretman ou a plan medikal ou a pa t kouvri oswa pou kouvri depans lavi chak jou yo tankou sèvis netwayaj nan kay, sèvis transpò espesyal ak swen lajounen. Prim Asirans Maladi Grav yo peye sou yon baz apre taks.

To Anplwaye pou
Asirans Maladi Grav MetLife

Polis \$10,000 ak \$20,000 — selon laj

Politik Patnè pou Mari/Madanm
oswa Patnè Domestik pou
Asirans Maladi Grav MetLife

50% nan polis anplwaye a, ki se \$5,000 ak \$10,000


Asirans ki gen Rabè

Asirans pou Machin ak Kay nan Farmers® Insurance



Farmers founi to ki gen rabè pou anplwaye ki aktif ak anplwaye ki retirete sou kouvèti asirans pèsònèl. Nan Massachusetts, rabè anplwaye a se 7% pou machin ak 8% pou lokatè/kondominyòm ak pwopriyetè kay. Gen to gwoup espesyal ki aplike nan lòt eta. Anplwaye ki kalifye yo gendwa enskri nenpòt moman. Pou pran yon randevou avèk espesyalis dedye pou Farmers nan Bentley, tanpri rele nan 978-263-5006. Ou gendwa kontakte tou sant repons kliyan Farmers la dirèkteman nan 800-438-6381.

Asirans Sante pou Bèt nan Kay nan ASPCA®



Bentley negosye yon to pou rabè 10% pou nenpòt opsyon plan asirans pou bèt nan kay ki achte atravè ASPCA.

Kòmanse pa ale sou www.aspcapetinsurance.com/BentleyUniversity (Kòd Priyorite: EB22BentleyUniversity). Reponn a kèk kesyon rapid sou zanmi plen plim ou a epi klike sou “See my Rates.”

Prim ou a pral depann de faktè tankou kòd postal ou a, tip, ras ak laj bèt ou a, epi kouvèti ou chwazi a. Si ou gen kesyon ou kapab rele nan 877-343-5314.

Asirans Vi ak Andikap

Asirans Vi ak AD&D

Kit ou ap travay aplentan oswa a tan pasyèl, Bentley ap bay tout anplwaye ki kalifye yo kouvèti Asirans Vi ak Asirans Lanmò ak Demanbreman Aksidantèl (AD&D) Debaz, chak egal yon fwa salè debaz anyèl ou a, jiska \$500,000.

Ou gendwa achte kouvèti Asirans Vi Siplemanntè jiska sis fwa revni debaz ou yo, jiska yon maksimòm \$1 milyon. Souskripsyon medikal obligatwa pou montan ki pi wo pase \$500,000.

Ou gendwa achte kouvèti Asirans Vi pou mari/madanm oswa patnè domestik tou apati \$10,000 rive \$100,000. Souskripsyon medikal obligatwa pou montan ki pi wo pase \$30,000 epi pou kouvèti ki chwazi apre peryòd enskripsyon inisyal la. Ou ka achte kouvèti pou timoun depandan jiska laj 26 lane pou yon montan fiks \$10,000 pa timoun. Kou a se menm kèlkeswa si w ap kouvri yon timoun oswa plizyè.

Asirans pou Andikap Alontèm

Bentley bay anplwaye aplentan yo kouvèti Asirans pou Andikap Alontèm a 60% sou baz salè anyèl, jiska \$200,000, pou yon avantaj mansyèl maksimòm \$10,000. Avantaj yo kòmanse apre ou andikape pandan sis mwa. Enskripsyon an otomatik. Pandan Bentley ap peye prim yo, yo ap takse ou sou prim yo yon fason pou avantaj lan pa taksab lè ou resevwa li.

Asirans pou Andikap Siplemanntè

Bentley ap bay kouvèti Andikap Alontèm adisyonèl (se Lincoln Financial Group ki founi li) a anplwaye yo jiska 60% salè anyèl debaz ki pi wo pase \$200,000, avèk yon avantaj mansyèl minimòm \$500 jiska yon avantaj mansyèl maksimòm \$10,000.

Kouvèti sa a bay otomatikman lè ou vin kalifye pou premye fwa. Menm jan avèk Asirans pou Andikap Alontèm debaz nou a, pandan Bentley ap peye prim yo, yo ap takse ou sou prim yo yon fason pou avantaj lan pa taksab lè ou resevwa li.

To 2025 ou yo

Asirans Vi pou Mari//Madanm	
\$10,000	\$3.25/mwa
\$20,000	\$6.50/mwa
\$30,000	\$9.75/mwa
Asirans Vi Timoun	
\$10,000	\$1.30/mwa



Plan Retrèt 403(b) Bentley

Kontribisyon Bentley

Bentley ofri yon plan retrèt avèk kontribisyon defini 403(b). Anplwaye yo kalifye pou yon kontribisyon 10% ki soti nan men Bentley premye jou nan mwa ki swiv 2 lane **travay kalifye**. Ou gendwa jwenn yon dewogasyon pou peryòd atant 2 lane a si ou te travay ase tan pou yon anplwayè ki pa travay pou pwofi epi ki kalifye. (Si sa aplikab pou ou, ansyen anplwayè ou a dwe ranpli yon fòm konfimasyon travay.)

Kontribisyon Ou Yo

Anplwaye yo kalifye pou fè kontribisyon volontè nan Plan Retrèt la jiska limit ki presize nan direktiv IRS yo. Kontribisyon volontè kapab fèt anvan kalifikasyon pou kontribisyon Bentley a epi yo pa obligatwa pou ou ka resevwa kontribisyon Bentley yo. Yo dwe difere taks eta ak federal sou kontribisyon sa yo ak nenpòt revni jiskaske yo kolekte yo kòm revni.

Apati 2025, limit kontribisyon ratrapaj yo pral pi wo pou patisipan ki gen ant 60 ak 63 lane.

Ou pral enskri otomatikman...

Nouvo Anplwaye pral enskri otomatikman avèk yon kontribisyon 3% anvan taks sèl si ou deside pa patisipe nan lespas 45 jou. Pou pa patisipe, konekte sou sit entènèt Fidelity a sou nb.fidelity.com/public/nb/bentley/home.

Si ou ap kontribye mwens pase 10%...

Si ou ap ekonomize mwen pase 10% nan Plan Retrèt 403(b) Bentley a, kontribisyon ou yo pral ogmante 1% chak ane nan premye pewòl an janvyè an otomatikman. Si ou pa vle pou yo ogmante otomatikman, ou dwe refize patisipe nan ogmantasyon an, pou fè sa konekte sou sit entènèt Fidelity a sou nb.fidelity.com/public/nb/bentley/home.

Limit kontribisyon 403 (b) pou 2024*

50 lane ak mwens
\$23,000
Plis pase 50 lane
\$30,500

* Montan sa a reprezante limit kontribisyon 2024 la. Jiska dat piblikasyon gid sa a, limit IRS pou 2025 yo poko divilge, montan sa yo gendwa chanje pou 2025.



Avantaj Konje nan Bentley

Konje Pèsonèl

Disponibilite pou konje pèsònèl la pral varye selon fonksyon ou ak kantite lè ou travay. Tan sa a disponib anplis konje anyèl. Tanpri gade sou [sit entènèt](#) la pou detay yo.

Konje Anyèl

Bentley bay anplwaye kalifye yo konje anyèl epi li ankouraje ou sèvi avèk moman sa a pou repo, detant ak aktivite pèsònèl. Konje anyèl la pral kimile selon fonksyon ou ak kantite lè ou travay. Tanpri gade sou [sit entènèt](#) la pou detay yo.

Orè Ete

Orè ete nou a kòmanse jeneralman semèn apre gradyasyon jiska premye vandredi mwa out chak ane. Orè ete a prevwa yon semèn travay ki konprese nan kat jou, jeneralman lendi rive jedi. Orè ete a gendwa varye selon bezwen chak depatman. Semèn travay konprese a sipoze fleksib yon fason pou depatman ki dwe asire kouvèti ak sèvis nan vandredi yo pandan ete a kapab gen orè ki diferan.

Orè Vakans

Anplis tan pèsònèl ak konje anyèl, Bentley bay 12 jou vakans pandan ane fiskal lan apati 1ye jiyè, ladan de (2) semèn konplè pandan vakans akademik ivè nou a ant Nwèl ak Premye Janvyè lè Bentley fèmen anjeneral.* Tanpri gade sou [sit entènèt](#) la pou dat egzak yo.

- Fèt Lendepandans
- Fèt Travay
- Jou Colomb/Jounen Pèp Endijèn
- Jou anvan Fèt Aksyon de Gras
- Fèt Aksyon de Gras
- Jou apre Fèt Aksyon de Gras
- Jou Nwèl
- Vakans Ivè
- Premye Janvyè
- Jou Martin Luther King
- Jou Patriyòt
- Jou Souvni
- 19 jen

* Dat egzak vakans ivè nou a pral varye yon ti kras ane apre ane epi yo ap mete li nan orè vakans Bentley yo distribye chak prentan an.

Pou anplwaye inyon yo, tanpri gade sou [sit entènèt](#) la pou avantaj konje yo.



Lòt Avantaj nan Bentley

Pwogram Rekonesans Anplwaye

Bentley pran angajman pou rekonèt ekselans epi kreye divès pwogram Rekonesans Anplwaye pou rekonpanse anplwaye nou yo pou kontribisyon ekstraòdinè yo! De (2) pwogram nou yo, GEM (Go the Extra Mile) and On-The-Spot Rewards pèmèt ni responsab ni kanmarad yo rekonèt anplwaye nan divès fason.

Frè Eskolarite Egzante

Avantaj pou egzante frè eskolarite yo disponib pou anplwaye aplentan ak mari/madanm oswa patnè domestik yo epi nenpòt depandan fiskal selon ansyènte yo. Avantaj yo gendwa taksab. Anplwaye a tan pasyèl yo gendwa kalifye pou yo egzante kèk frè eskolarite. Tanpri gade sou sit entènèt la pou detay yo.

Enstalasyon Espòtif

Yo envite anplwaye yo sèvi avèk enstalasyon espòtif Dana Center a, ladan sal fòm fizik la ak pisin la, gratis.

Bibliyotèk

Anplwaye yo benefisye itilizasyon total bibliyotèk la, ladan prete liv, kasèt videyo ak DVD, epi itilizasyon ekipman rechèch yo. Anplwaye yo gen aksè tou a yon seri resous elektwonik tankou Hoopla ak abònman gratis nan Wall Street Journal ak New York Times.

Konferans Anyèl Kominite Bentley

Se yon konferans entèn sou de (2) jou pou tout anplwaye ak pwofesè. Konferans sa a se yon opòtinite pou pataje lide epi kolabore atravè depatman, divizyon ak kanpis yo. Atravè plizyè sèsyon ki ap fèt an menm tan, yo bay patisipan yo opòtinite pou pale avèk kolèg yo, aprann sou sijè ki gen enpak sou kominote nou a, epi pwofite amize yo tou!

Pyès idantite ak foto

Anplwaye yo dwe fè aranjman avèk Polis Inivèsite a pou yon pyès idantite ak foto. Pyès idantite a bay anplwaye yo yon rabè 10% sou majorite pwodwi nan Libreri Bentley a, epi bay aksè avèk enstalasyon espòtif ak libreri a, epi yo gendwa mande li pou gen aksè avèk sèten espas travay. Yo gendwa estoke Falcon Funds sou kat la atravè Workday.

Pakin Gratis

Gen yon pakin dedye disponib pou pwofesè ak anplwaye yo ki aksesib nenpòt ki lè.

Estasyon Chajè Machin Elektrik

Gen de (2) estasyon chajè machin elektrik Chargepoint ki enstale sou kanpis la.



Konje Peye pou Fanmi ak Konje Medikal

Bentley rete angaje pou founi pwogram Konje solid ak konpetitif pou asire anplwaye yo kapab pran tan nesesè a lè yo bezwen li.

Kontak Avantaj Ou Yo

Avantaj	Founisè	Enfòmasyon kontak
Plan Medikal	Harvard Pilgrim Health Care	harvardpilgrim.org/bentley 888-333-4742
Telemedsin	Doctor on Demand	doctorondemand.com
Medikaman sou Preskripsyon	OptumRX	optumrx.com 855-546-3439
Plan Dantè	Delta Dental	deltadentalma.com 800-872-0500
Plan Vizyon	EyeMed	eyemedvisioncare.com 866-939-3633
Kont Epay Sante ak Kont Depans Fleksib	Sentinel Group	sentinelgroup.com 888-762-6088
Asirans Vi Sipleman tè pou Mari/Madanm ak Depandan	Lincoln Financial Group	800-210-0268
Asirans Vi ak AD&D	Lincoln Financial Group	800-210-0268
Asirans pou Maladi Grav ak Aksidan	MetLife	metlife.com/mybenefits 800-438-6388
Asirans pou Andikap Alontèm	Lincoln Financial Group	mylincolnportal.com 800-210-0268
Plan Asistans Anplwaye (Employee Assistance Plan, EAP)	KGA, Inc.	https://my.kgalifeservices.com/ 800-648-9557
KnovaSolutions	KnovaSolutions	https://www.workpartners.com/knovasolutions/ 800-355-0885
Defansè nan domèn Sante	Health Advocate Solutions	healthadvocate.com 866-695-8622
Plan Jiridik	Plan Jiridik Hyatt	info.legalplans.com Kòd Aksè: GetLaw 800-821-6400
Plan Pwoteksyon Vòl Idantite	Allstate	www.allstateidentityprotection.com 800-789-2720
Plan Retrèt 403(b)	Fidelity Investments oswa TIAA	nb.fidelity.com/public/nb/bentley/home (pou de (2) founisè yo) Fidelity Investments: 800-343-0860 TIAA: 800-842-2776
Sèvis Defans Medicare	Sèvis Kalifikasyon Brown & Brown	medicareeligibility@bbabsence.com 833-830-2386

Livrè sa a konsevwa pou li se yon rezime avantaj plan yo pou ane 2025 la. Nou fè tout posib nou pou rezime pwogram sa yo kòrèkteman, men si gen nenpòt diferans se dokiman rezime plan an ki se dokiman ofisyèl plan an.





BENTLEY UNIVERSITY